

Vaksen kont COVID-19 yo: Sa Ou Dwe Konnen

Anpil moun genyen kesyon sou vaksen kont COVID-19 yo. Dokiman sa a genyen enfòmasyon pou ede ou decide si wi oswa non pou ou pran vaksen. Pou plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/covidvaccine.

Fason pou Jwenn yon Vaksen kont COVID-19 nan Vil New York

Vaksen kont COVID-19 yo disponib pou nenpòt moun ki gen laj omwen 12 ane gratis. Vizite nyc.gov/vaccinefinder pou ou jwenn yon sit vaksinasyon. Ou kapab chèche sit yo dapre mak vaksen ak sit kote randevou pa nesesè. Rele 877-829-4692 pou èd pou vaksen adomisil oswa nan yon sit Vil la ap jere. Ou kapab ranpli tou fòmilè a nan nyc.gov/homevaccine pou ou pran vaksen an adomisil.

Lè ou pran vaksen, ou bezwen montre yon dokiman ki genyen dat nesans ou. Ou pa bezwen bay yon nimewo Sekirite Sosyal oswa prèv rezidans oswa sityasyon imigrasyon.

Ki Avantaj Pran Vaksen Genyen?

Pran vaksen pwoteje ou pou ou pa tonbe malad anpil oswa mouri anba COVID-19. Vaksen yo pwoteje moun kont varyant ki genyen kounye a yo, gen ladan varyant delta ki pi kontajye a. Plis pase 33,000 moun New York ak 600,000 moun nan Etazini te mouri akòz COVID-19, gen ladan timoun, jèn granmoun ak moun ki pa te gen okenn lòt pwoblèm sante. Ekspè yo estime ke vaksen kont COVID-19 yo te deja anpeche plizyè milye moun entènè lopital ak mouri nan NYC sèlman.

Pran vaksen pwoteje moun ki ozalantou ou yo nan redwi chans ou pou ou pran COVID-19 ak bay li ak fanmi ou, zanmi ou, ak kominote ou.

Pran vaksen pèmèt ou rete ozalantou lòt moun an tout sekirite. Yon fwa ou vaksinen konplètman, ou kapab fè kèk aktivite san pote yon mask pou figi oswa pratike distans fizik, espesyalman lè ou avèk lòt moun ki konplètman vaksinen.


Vaksinasyon kapab ede mete fen nan pandemi COVID-19 la. Vaksen yo te ede redwi oswa menm elimine maladi, tankou polyo ak varyòl Vaksinasyon se pi bon chans pou nou retounen nan aktivite nou te renmen avan COVID-19 yo.

E Si Mwen Te Deja Genyen COVID-19?

Moun kapab genyen COVID-19 plis pase yon fwa. Si ou te genyen COVID-19 avan, pran vaksen ranfòse pwoteksyon kò ou genyen kont viris la epi li pwoteje ou kont varyant delta ak lòt varyant yo.

**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**

NYC
Health



Èske Toujou Genyen yon Risk pou Moun Pran COVID-19 Apre Vaksinasyon?

Moun ki vaksinen kapab toujou pran COVID-19 men yo genyen yon risk ki pi ba anpil pou yo tonbe malad pase moun ki pa te vaksinen yo. Yo genyen tou risk ki pi ba anpil pou maladi grav, entènè lopital ak lanmò anba COVID-19.

Ki Diferans ki Genyen Ant Vaksen kont COVID-19 yo?

Genyen twa vaksen san danje ak efikas kont COVID-19 ki disponib nan Etazini:

- Vaksen **Pfizer-BioNTech** a se yon vaksen mRNA ke yo bay nan de (2) dòz 21 jou apre premye a pou moun ki gen laj 12 ane ak plis.
- Vaksen **Moderna** a se yon vaksen mRNA ke yo bay nan de (2) dòz 28 jou apre premye a pou moun ki gen laj 18 ane ak plis.
- Vaksen **Johnson & Johnson/Janssen** lan se yon vaksen vektè adenoviris ke yo bay nan yon dòz pou moun ki gen laj 18 ane ak plis.

Kijan Vaksen kont COVID-19 yo Mache?

Vaksen yo aprann kò ou rekonèt COVID-19 dekwa si ou ekspozè ak viris la, sistèm iminitè ou kapab konbat li. Vaksen yo pa genyen viris la ki lakòz COVID-19 epi yo pa kapab ba ou COVID-19.

Pou ou aprann plis, vizite on.nyc.gov/vaccinefacts pou ou jwenn resous sa yo:

- Fason Vaksen kont COVID-19 mRNA la Mache: on.nyc.gov/mrna-vaccines
- Fason Vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19 la Mache: on.nyc.gov/johnson-vaccine

Kijan Nou ap Konnen Vaksen kont COVID-19 yo Efikas?

Yo te teste vaksen yo nan esè klinik yo sou plizyè milye moun ki gen laj, ras ak etnisite diferan. Anwiwon mwayen nan patisipan yo te resevwa yon vaksen epi mwayen pa te resevwa. Moun ki te resevwa yon vaksen te gen mwens chans tonbe malad, entènè lopital oswa mouri anba COVID-19 pase lòt moun ki pa te resevwa yon vaksen. Yo te bay plizyè milyon dòz nan vaksen yo an tout sekirite nan Etazini Kounye a, pifò moun ki entènè lopital oswa ki te mouri anba viris la pa te vaksinen.

Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini an te otorize vaksen yo pou itilizasyon ijans apre done yo te montre avantaj pran vaksen an te depase risk yo. Kounye a, plis pase 200 milyon moun nan Etazini te resevwa yon vaksen. Pifò moun ki entènè lopital oswa ki te mouri anba COVID-19 pa te vaksinen.

Kijan Nou ap Konnen Vaksen kont yo San Danje?

Esè klinik yo pa te jwenn okenn enkyetid grav sou sekirite avèk vaksen yo. Kounye a dèske yo otorize oswa apwouve vaksen yo pou itilizasyon, yo siveye sekirite yo yon fason estrik atravè sistèm yo gen ladan Sistèm pou Rapòte Evènman Advès sou Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante yo dwe rapòte kèk evènman sante grav apre vaksinasyon

bay sistèm sa a. Manm piblik la kapab rapòte bay VAERS tou. Ekspè yo revize rapò yo pou modèl evènman sante yo, answit chèche si wi oswa non evènman yo konekte ak yon vaksen.

Kisa Efè Segondè Vaksen an yo?

Efè segondè ki komen yo gen ladan doulè nan bra, lafyèv, frison, fatig, maltèt oswa kò fèmal. Sa yo se siy nòmal ke kò a ap devlope pwoteksyon. Sentòm yo gendwa kòmanse nan yon peryòd twa jou apre vaksinasyon an (jou apre a se li ki pi komen) epi jeneralman yo ale apre yon jou oswa de (2).

Efè Segondè grav nan vaksen yo parèt nòmalman nan kèk jou. Reyaksyon yo apre de (2) mwa pa gen anpil chans. Yo te idantifye twa efè segondè grav, epi tout trè ra. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak lòt ekspè yo kontinye rekòmande vaksinasyon kont COVID-19 pou tout moun ki gen laj omwen 12 ane ak plis poutèt risk ba efè segondè grav yo ak pi gwo risk pou maladi grav anba COVID-19.

Enflamasyon nan kè: Yo te rapòte enflamasyon nan kè (myokadit) ak tisi ki antoure l yo (perikadit) nan yon ti kantite moun ki te resevwa vaksen Pfizer oswa vaksen Moderna a. Pifò ka yo te rive lakay ti gason adolesan yo ak jèn granmoun yo, re leje epi yo te amelyore avèk tretman ak repo.

Kayo sangen yo: Gen yon risk tou piti konsènan kayo sangen avèk kantite plakèt sangen ki ba lakay moun ki pran vaksen Johnson & Johnson lan. Yo rele pwoblèm sa a sendwòm twonboz avèk twonbositopeni (thrombosis with thrombocytopenia syndrome, TTS). TTS apre vaksinasyon te rive prensipalman lakay jèn fanm ki gen laj mwens pase 50 ane yo, men tou lakay gason ak fanm ki aje yo.

Sendwòm Guillain-Barré: Yon ti kantite moun ki te pran vaksen Johnson & Johnson lan te devlope sendwòm sa a, ki kapab lakòz feblès nan misk, domaj nan nè yo epi pafwa paralizi. Pifò moun te rekipere konplètman, men kèk moun te gen domaj pèmanan.

Èske Moun ki Gen Alèji Kapab Pran Vaksen?

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou **avan** ou pran vaksen an si ou janm te genyen reyaksyon alèjik grav oswa touswit ak:

- Yon vaksen kont COVID-19 oswa nenpòt lòt engredyan
- Nenpòt ki lòt vaksen oswa medikaman nan piki

Si ou genyen nenpòt lòt alèji, ou kapab pran yon vaksen kont COVID-19 san ou pa verifye avèk pwofesyonèl swen sante ou.

Èske Moun ki Gen Lòt Pwoblèm Sante yo Kapab Pran Vaksen?

Moun ki gen nenpòt pwoblèm medikal grav kapab pran vaksen. Pran vaksen menm pi enpòtan ankò si ou genyen yon pwoblèm ki ogmante risk ou pou maladi grav anba COVID-19, tankou dyabèt, opresyon, maladi kè, obezite oswa VIH. Anpil patisipan nan esè klinik yo te genyen pwoblèm sante ki kache epi vaksen an te san danje ak efikas pou yo. Pou aprann plis, li "Kiyès ki Kapab Pran Vaksen kont COVID-19" nan on.nyc.gov/receive-vaccine.

E si Mwen Pa Fè Gouvènman an oswa Sistèm Medikal la Konfyans?

Genyen long istwa kote gouvènman yo ak sistèm medikal medikal yo te bay move tretman oswa menm kote yo te fè eksperyans sou moun ki nwa, endijèn oswa latino. Sepandan, avèk vaksen kont COVID-19 yo, etid klinik yo montre ke yo san danje ak efikas pou moun ki gen laj, ras ak etnisite diferan. Moun nwa, latino yo genyen tou anpil chans pou yo tonbe malad anpil epi mouri anba COVID-19 akòz inegalite ki la lontan yo. Pou anpeche enjistis anplis, nou dwe asire ke tout moun gen aksè nan vaksen kont COVID-19 ki ka sove lavi yo ak nan enfòmasyon sou vaksen yo.

E si Mwen Pa Prepare pou Mwen Pran Vaksen Kounye a?

Si ou toujou ap deside si wi oswa non pou ou pran vaksen, ou kapap pale ak moun ou konnen ki te resevwa yon vaksen oswa ki te tonbe malad avèk COVID-19. Jwenn enfòmasyon ki fyab nan men pwofesyonèl oswa lòt ekspè yo, tankou CDC a nan [cdc.gov](https://www.cdc.gov).

Enkyetid Anplis yo

Mwen gen enkyetid pou mwen pa rate jou travay akòz vaksen yo oswa akòz efè segondè yo.

Nan Eta New York, yo egzije anplwayè yo bay anplase yo konje peye pou yo pran vaksen. Moun kapab itilize tou konje maladi yo pou yo rekipere anba nenpòt efè segondè apre vaksinasyon an.

Mwen gen enkyetid paske mwen ansent, vle vini ansent oswa mwen ap bay tete. CDC a ak lòt ekspè yo ankouraje anpil tout moun ki ansent, ki vle vini ansent oswa ki ap bay tete pran yon vaksen kont COVID-19. Si ou ansent, yon enfeksyon COVID-19 kapab menm plis danjere ankò. Pa gen okenn prèv ke vaksen yo lakòz enfètilite.

Si ou ansent epi ou genyen lafyèy apre vaksinasyon an, pran asetaminofèn (Tylenol) pou ou redwi lafyèy la. Lafyèy pou nenpòt rezon kapab danjere pou yon tibebe nan vant.

Pa gen okenn rezon pou ou kwè ke vaksen yo afekte sekirite lèt manman. Etid yo montre ke moun ki te resevwa vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a kapab genyen antikò COVID-19 yo nan lèt manman yo a. Plis rechèch nesèsè pou wè si antikò yo ede pwoteje tibebe yo kont COVID-19.

Pou plis enfòmasyon, li "Sante Repwodiktif ak Vaksen kont COVID-19 yo: Kesyon Moun Poze Souvan yo" nan on.nyc.gov/reproductive-health-faq.

Mwen genyen enkyetid pou si timoun mwen yo pran yon vaksen kont COVID-19 yo. Vaksen yo anpeche anpil maladi lakay timoun yo, gen ladan woujòl ak polyo, epi kounye a nou genyen yon vaksen pou pwoteje timoun ki gen laj 12 ane ak plis kont COVID-19. Timoun kapab pran COVID-19 epi devlope konplikasyon sante ak sentòm alontèm yo (ke yo rele **sendwòm apre COVID-19 grav**, oswa COVID long). Vaksinen timoun yo kapab ede redwi gravite maladi COVID-19 ak pwopaje li bay lòt moun. Pou plis enfòmasyon, li "Kesyon Yo Poze Souvan sou Vaksen kont COVID-19 yo pou Fanmi yo" nan on.nyc.gov/youth-vaccine.